# ZIMBABWE CATHOLIC BISHOPS' CONFERENCE

# KUTANGA PATSVA



***SARUDZO DZOMUNA JULY 2018 ZVICHIENDA MBERI***

***Tsamba yoUfudzi yeDare raMabhishopi eChiKatorike oMuZimbabwe Pamusoro peSarudzo ya30 July 2018***

**Tsamba yakabudiswa musi wa29 June 2018: Zuvaguruguru raPita naPauro Vapositori**

**Hama dzinodiwa munaKristu, navanhu vose vomuZimbabwe**

[1] Isu maBhishopi eChiKatorike omuZimbabwe, tinokunyorerai tsamba ino panguva iyo nyika yedu iri kugadzirira sarudzo ichaitwa musi wa30 July 2018. Iyi inguva yakakosha zvikuru munhoroondo yenyika yedu. Kuvazhinji vomuZimbabwe, zvakaitika muna November 2017 zvakaratidza kuti nyika yedu yapinda muchinhanho chitsva chenhoroondo iyi. Izvi zvakaita kuti vazhinji vakurumidze kuzvigamuchira nomufaro. Kunyange zvazvo kuonekwa kwamauto nemota dzehondo mumigwagwa yedu zvaityisa, vanhu vakakurumidza kuziviswa kuti hapana mhirizhonga. Voruzhinji vakabva vapindawo mumigwagwa vachitsigira nokupembera, vakabatana.

Pane vamwe vakasungwa namasoja, tikanzwa kuti vamwe vakarohwa, tikanzwawo kuti pane vamwe vakapaza vachiba. Takanzwawo kuti pane vamwe vanhu vakafa. Tinotenda Mwari kuti mhirizhonga iyi haina kuenderera mberi mukuparadza zvinhu zvizhinji. Mauto akagona kudzorera hutongi kuhurumende isiri yechiuto, mutungamiri mutsva wenyika akagadzwa pachigaro. Izvi zvakagamuchirwa nomufaro navazhinji muZimbabwe nevari kunze kwenyika. Vanhu vakanzwa kusununguka zvikuru, kutya kukapera, vakava netarisiro mune ramangwana: naivowo vanoita zvamatongerwo enyika vakaratidza mweya mutsva wokuda kubata pamwechete. Mune izvi zvose tinotenda Mwari zvikuru.

[2] Mumwedzi mitanhatu yakatevera zviitiko izvi takaona zvikonzero zvizhinji zvinotipa tarisiro yakanaka. Hurumende noMutungamiri wayo vakapa mukana mutsva wokuti vanhu vapinde mune zvamatongerwo enyika, nokupa mukana wokuti vanhu vasununguke kutaura zvavanoda. Vakavimbisawo kuti kuchava nesarudzo vanhu vakasununguka, pasina kubirwa, zvinhu zvose zviri pachena, zvinozoita kuti pasava nemakakatanwa pane zvinenge zvabuda musarudzo. Sarudzo ichaitwa iri pasi pomutemo wesarudzo mutsva namapazi anoona nezvesarudzo akagadziridzwa. Vedzimwe nyika vachabvumidzwawo kuongorora zvinenge zvichiitika panguva yesarudzo. Makurukota eHurumende naMapazi ayo ava nezvinangwa zvaanofanira kuzadzisa nokuonekwa achiita. Pane kungotaura nezveuori, tava kuona vamwe vanhu vane zvinzvimbo vachikwidzwa kumatare edzimhosva uye mapazi eParamende anoongorora kushanda kuri kuita Makurukota eHurumende ava kutanga kushandisa masimba awo.

Mutungamiri wenyika ari kushanda zvakasimba kuti tiwane mari yekunze kwenyika yaanoona ichidiwa "kuti zvoupfumi hwenyika zvitange kushanda zvakanaka zvakare". Zvakadaro hazvo, pane vamwe vari kutsoropodza shanduko iri kuitika iyi vachiti haitevedzeri Bumbiro roMutemo wenyika, zvikuru pakuti pokutanga mauto akapindira uye ari kuramba ari mune zvematongerwo enyika. Izvi zvinogona kuita kuti vanhu vasazosununguka mumakore anotevera. Dzimwe nguva zviri kuratidza sokuti hurumende iri kusunga zvine rusarura vanhu vanoonekwa noruzhinji sevane huori, vamwe vachiregerwa nokutopiwa zvinzvimbo muHurumende.

Voruzhinji vomuZimbabwe vari kuratidza kusafara kuti shanduko yanga yakatarisirwa haisi kuonekwa, zvikuru pakushaikwa kwamabasa napakushaikwa kwemari munyika. Mari yedu iri kutengeswa nokuchinjaniswa nemari yedzimwe nyika nomutengo wakasiyana siyana, zvisiri pamutemo. Hapana zviri kumboitwa kumisa izvi. Izvi zviri kuita kuti vashoma vasina mwoyo vapfume zvakanyanya.

## Sarudzo: Kutanga Patsva

[3] Sarudzo inosungirwa neBumbiro redu Romutemo zvayakadai kudaidzirwa, tinokunyorerai kuti tinyatsofunga pamwechete nemi kukosha kwesarudzo iyi panguva ino yenhoroondo yenyika yedu. Kuvanhu vomuZimbabwe, sarudzo yanga iri nguva yetarisiro huru nokufara kana kuti nguva yokutya nokushatirwa, zvichiguma nokurasa mwoyo. Ichokwadi kuti sarudzo pachayo haigoni kugadzirisa matambudziko edu ose. Asi sarudzo ikatorwa sechimwe chinhano muurongwa hwokusandura zvinhu munyika, inogona kuva nguva yokuti vanhu vose vazvipire kushandira nyika yavo zvizere.

Tinotendera, uye tine chivimbo nokunamata kuti sarudzo iri kuuya musi wa30 July 2018 ichava nguva yokuti tose tizvipire patsva. Sarudzo inoitwa murusununguko nomuruenzaniso rwechokwadi ichatibatsira kuti tidzokerezve pakutevedzera Bumbiro redu Romutemo, uye kuti 'zvido zvavanhu' zvitsinhire zvakaitika muna November 2017.

Nokudaro vanhu vose vomuZimbabwe vanofanira kubvisa kutya nokurasa mwoyo kwakakonzerwa nesarudzo dzakapfuura, vagadzirire zvakanaka uye

nomazvo kupinda mune zvose zvesarudzo iyi yakakosha kudayi muutongi hunofadza ruzhinji. Kurwisana nokukandirana mabhomba nezvinokuvadza kuchangobva kuitika kunosuwisa uye hakukurudzirwi sezvo kuchidzosera shure budiriro yenyika.

[4] SamaBhishopi eChiKatorike, sarudzo dzakapfuura dzisati dzaitwa, takataura pamusoro pezvinodikanwa kuti sarudzo dzinzi dzakaitwa murusununguko nomuruenzaniso. Takagoverana nemi pfungwa dzedu pamusoro pokuti VaKristu navamwe vanhu vanotarisira chii kuti vaite sarudzo vakasununguka, zviri maererano neBumbiro redu roMutemo. Mutsamba yedu inonzi *"Only When Power Stands Under God's Blessing Can It Be Trusted"* (yatakanyora muna December 2007, tisati taita sarudzo ya2008), takataura kuti: "...tinokurudzira Hurumende namapato ose ari kukwikwidza kuti aumbe kugarisana kwakanaka kwavanhu, aite zvamatongerwo enyika zvakanaka, nokuumba upfumi hwenyika nenzira inosimudzira hunhu kwakanaka".

Takakurudzira kuti vanhu vaite sarudzo vakasununguka, zvine ruenzaniso, zvinoita kuti sarudzo igamuchirike navanhu vomunyika muno uye nevedzimwe nyika. Mukutaura izvi chinangwa chedu chaiva chokuvaka hwaro hwoUmambo hwaMwari pasi pano, Umambo hworunyararo norugare, rudo, ruenzaniso norusununguko. Iri ndiro basa guru reSangano.

[5] Muna March 2013, mutsamba yedu inonzi *Zimbabwe Elections and the God of Second Chances* (yatakanyora sarudzo ya2013 isati yaitwa), takati: “Tinokurudzira mapato ose ari kukwikwidza kuti anyorerane chibvumirano chamaitiro nokuzvibata kunotarisirwa kumapato ezvamatongerwo enyika omuZimbabwe **(The Zimbabwe Political Parties Code of Conduct)**". Mapato ose anofanira kunge akasununguka kukwezva vanhu nokushambadzira zvirongwa zvawo achichengetedza chibvumirano ichi, kuitira kuti vanosarudza vose vazviite vakasununguka uye vaine ruzivo rwakakwana. Takataura kuti: "Mapato anokwikwidza musarudzo iri kuuya anofanira kuwaniswa mukana wakaenzana wokutaurwa nokunyorwa nezvawo munhepfenyuro namapepanhau enyika. Vanhu vanosarudza vane kodzero yokuwana ruzivo ruzere vasati vasarudza vanhu vavanoda kuti vavatonge." Panguva ino tinoda kutsinhira kuti iyi ikodzero inotsigirwa neBumbiro Romutemo wenyika: sarudzo inoitwa nomunhu asina ruzivo

rwakakwana haisi sarudzo inoitwa murusununguko.

Tinofara nourongwa hwokugadzira *Voters' Roll*, zvikuru kushandiswa kwakaitwa ruzivo nounyanzvi hutsva hwamazuva ano. Zvose zvinobatsira kuti sarudzo dzedu dziitwe zviri pachena, pasina kuhwandirana, zvinobatsira kuti zvinobuda musarudzo zvigamuchirike navagari vomuno muZimbabwe navari kune dzimwe nyika. Maitiro okuvhota nokuverengwa kwamavhoti musi wokuvhota zvinofanira kugadzirirwa nokurongwa zvakanaka, paine kuchengetedzeka kwakarurama, zviine unyanzvi huzere, zvichiita kuti vanhu vanosarudza vazive ivo voga kuti ndiani wavasarudza, pasina mumwe ari kuona. Sarudzo inofanirawo kuti avo vakabvumidzwa kuoongorora zvose zviri kuitika vaitewo basa ravo nomazvo.

[6] Kuvanhu vose vachavhota, tinodzokorora zvatakataura mutsamba yedu yomuna February 2002, *"A call to Work for Unity, Peace and Harmony"* (yatakanyora sarudzo yoMutungamiri wenyika ya2002 isati yaitwa). Takati: "Tinokukurudzirai mose zvakare kuti mushandise vhoti yenyu zvakanaka kuti mubatsire nyika. Shandisai vhoti yenyu, ikodzero yenyu, hapana munhu anogona kukutorerai. Sarudzai wamunoda makasununguka muhana dzenyu. Musatya, hapana anoziva kuti ndiani wamasarudza. Ivai vagari vomunyika muno makasununguka..."

SaVaKristu tinonzwisisa basa redu rokuvaka Umambo hwoKudenga pasi pano, basa rokuumba nzvimbo dzatinogara, matinoshandira, matinonamata tiri, uye matinorera vana vedu, tichitevedzera zvatinorairwa neShoko Rakanaka. Jesu akaparidza achiti Umambo hwaMwari ndiko kutonga kwaMwari muupenyu hwavanhu hwakatangira pano pasi, huchizozadzikiswa kudenga. Umambo hunotaurwa naJesu hausi hwoupenyu huchazouya chete, asi mucherechedzo wokuti Mwari anoda kuti nyika ive yakaita sei uye irarame sei. (Mariko 4:26-34).

Muna March 2013 **(*Zimbabwe Elections and the God of Second Chances, sarudzo ya2013 isati yaitwa),*** takatsanangura zvinofanira kutariswa pavanhu vatinoda kuti vatitungamire nokutimiririra:
(1) "Kuzvipira zvizere kushandira vanhu: munhu anoda kusarudzwa haafaniri kungozvifunga iye pachake. Anodisisa kuti vanhu vakamusarudza vagare vari pamwoyo pake. Zvido zvavanhu zvinofanira kumukoshera

kudarika zvido zvake iye";
(2) "Anoda kuti basa rifambe: mutungamiri chaiye anoronga mabasa ane zvinangwa zvakatsetseka. Pamusoro pazvo, anogara achitarisa kuti zviri kuzadzikiswa here";
(3) "Anotsanangura basa rose raanoita: munhu anorondedzera kuvanhu zvaari kuita uye kuti ari kuzviitirei. Hazvimunetsi napaduku pose kuti atsanangurire ruzhinji rwavanhu mashandisiro aanoita nemari yavo";
(4) "Anomira pachokwadi: munhu akanaka kusarudza ndouyo anotaura chokwadi. Izvi hazvirevi kuti mutungamiri akanaka munhu anoziva zvose kana asina tsvekwa. Mutungamiri anobvuma kuti akanganisa anowana ruremekedzo kubva kuvanhu nokuti anomira pachokwadi";
(5) "Anochengetedza chiremera chavanhu: Izvi zvinofanira kuwanikwa mumutungamiri woga woga. Mutungamiri akanaka anofanira kuchengetedza chiremera chomunhu. Kodzero dzose dzavanhu dzakaita sekodzero youpenyu, kuwana pokugara pakanaka, kunamata murusununguko, nedzimwe dzakadaro, dzinobva mukuchengetedza nokukurudzira chiremera chomunhu".

**Mushure meSarudzo: Kuvavarira Matongerwo Enyika Matsva**

[7] Kuva nesarudzo yakasununguka ine ruenzaniso zvinoreva kuti hapana munhu mumwechete kana boka diki ravanhu rinogona riri roga kuti ava ndivo vakunda musarudzo. Nokudaro zvinoreva kuti pachatova navamwe vachagumbuka nokuda kwezvichabuda musarudzo. Zvatakatarisana nazvo hazvisi nyore. Maonero edu akasiyana uye hatiwirirani kuti tofamba sei tichienda mberi. Zvinogona kuitika kuti sarudzo iyi ichatadza kuburitsa mutungamiri mumwechete kana bato rimwechete rinobva rakunda mamwe ose pokutanga. Asi kana chiri chokwadi, sokunyora kwatakaita muna March 2013, kuti: "Vanhu vazhinji vomuZimbabwe havasisina chivimbo navatungamiri", ichokwadiwo kuti kunyanyisa kuvimba navamwe vatungamiri kana mapato hazvina zvazvakatibatsira. Tinofanira kupinda musarudzo takazvipira kugamuchira zvinenge zvabuda musarudzo yaitwa navanhu murusununguko nomuruenzaniso, zvisinei kuti ndiani akunda kana kuti ndiani akundwa.

Zvakaitika muHurumende yomuBatanidzwa (*Government of National Unity*) ya2009 hazvina kufadza vamwe. Asika, sarudzo inoburitsa kusiyana

kwamafungiro avanhu vane huwandu hwakada kuenzana hachisi chiratidzo chokuti sarudzo haina kufamba zvakanaka. Zvinotoratidza kuti sarudzo yabudirira. Izvi zvinotipa mukana wokuti titarise zvamatongerwo enyika nameso matsva, tigone kushanda pamwechete, tichiwirirana nokutaurirana zvine njere noungwaru, tichiremekedza maonero avamwe akasiyana needu. Maitiro akadai anogona kutizarurira musuwo unotipinza muZimbabwe itsva. Zvisinei nezvichabuda musarudzo ino, matongerwo eZimbabwe matsva achada mushandira pamwe tisingatarisi mutungamiri mumwechete kana vaviri voga, zvisinei nokuti vanoonekwa savanogona chaizvo kana kuti vanokwezva vanhu zvakanyanya. Asi panotoda kuchengetedzwa nokukosheswa kwemuono wegutsa ruzhinji, nokuva namatongerwo enyika anochengetedza runyararo, rugare, chokwadi noruenzaniso kuvanhu vose.

[8] Naizvozvo tinokukurudzirai kuti musangotarisa sarudzo iyi chete, kunyange zvayo yakakosha zvikuru. Ngatitarisisei mberi tione kuti tinoda Zimbabwe yakaita sei. Chikuru chaicho pokupedzisira ndechokuti hatisi kusarudza hurumende iyi kana iyo, asi kuti tiri kusarudza nyika yamangwana yatinoda kuzvigadzirira isu navana vedu.

Nokudaro zvakanaka kuti titarisezve Chikamu Chechitatu (Section 3 *"Vision and Values")* chegwaro rinonzi *"The Zimbabwe We Want: Towards a National Vision for Zimbabwe"*, rakaburitswa muna September 2006 neEvangelical Fellowship of Zimbabwe, Zimbabwe Council of Churches pamwechete nesu. Takanyora tichiti: "Kana pasina anotungamira rudzi runoputsikira pasi (Tsumo 11:14). Zimbabwe inoda muono mutsva unotidzorera kuvimba nezvatiri, chiremera netariro."

Mugwaro iri vamiriri vaVatungamiri veChiKristu vomuZimbabwe vakapa pfungwa dzavo pamusoro peZimbabwe yatinoda vachiti:

Muono wedu ***ndewenyika inozvimiririra yoga, ine utongi hwegutsa ruzhinji hunoonekwa namatongero akanaka huri muhurumende namapazi ayo ose uye nomumaitiro ayo***.

Muono wedu seZimbabwe Catholic Bishops Conference (ZCBC) ***ndewevanhu veZimbabwe vakayananiswa, vanogara upenyu hwokuwirirana, hune ruenzaniso norugare, munyika inobudirira iine***

***utongi hwegutsaruzhinji***.

Nhanganyaya yeBumbiro redu Romutemo inogona kutibatsira kuti tinyatsoumba tiri pamwechete Muono weNyika yedu.

[9] Kana sarudzo yedu iri kuuya iyi ikafamba zvakanaka, zvinorevawo kuti nyika yedu yeZimbabwe ichadzokera mukudyidzana zvakare nedzimwe nyika dzose dzapasi pano. Mhuri imwe neimwe inorarama nokuwana kubva kuna vamwe zvinhu zvaisingagoni kuzviitira iyo pachayo, zvakaita sezvikoro nokuchengetedza mutemo. Ndizvo zvimwechetewo nenyika imwe neimwe, kuti inobudirira nokushanda pamwe nedzimwewo nyika uye nokudyidzana nenyika dzakaipoteredza. Zimbabwe inofanirawo kuti ibatsire mukuwanisa zvakanikira ruzhinji kuvanhu vapasi pano. Kutaura kuno, vanhu vazhinji vomuZimbabwe vari kushanda kunze kwenyika ino, vachibatsira zvikuru nyika dzavari kugara mune zvoutano, zvedzidzo nezvamabhizimusi nezvimwewo. Vechidiki vazhinji vanoenda kumisangano yevezera ravo inoitwa kunze kwenyika.

Savanhu vomuZimbabwe, tinofanira kuwanikwa tichibatsirana navamwe, takangoenzana navo, uye tiine chiremera chakakwana, tichigadzirisa zvinetswa zvakaita sokutama kwavanhu kubva munyika yavo vachienda kune dzimwe, kuchengetedza nharaunda, kurwisa mhirizhonga noumhondi (*terrorism*), zvinokurukurwa mumibatanidzwa yenyika yakaita seSADC, African Union, Commonwealth neUnited nations.

[10] Muono uyu *weThe Zimbabwe We Want* unobva mudzidziso yeSangano Katorike Pamusoro Pokugarisana Kwavanhu (*Catholic Social Teaching*), rinova denhe roruzivo runobva muShoko Rakanaka runochengetedzwa neSangano kuitira vanhu vapasi pose. Isu, maBhishopi enyu, tinokurudzira VaKatorike vose kuti vaverenge nokufungisisa pamusoro pegwaro iri rinonzi *The Zimbabwe We Want*, pamwe netsamba dzedu dzoufudzi *The Cry of the Poor* (June 2005) ne*Let Us Work for the Common Good* (January 2011).

Tinokurudzira zvikuru maUnivhesiti eChiKatorike nezvimwe zvikoro zvedzidzo yapamusoro kuti vabatsire vanhu vari kuzosarudza vatungamiri musi wa30 July 2018 nokutaurirana pamusoro penyaya idzi, kuti vasarudze

vakatarisa Zimbabwe yatinoda tose. Ngatiyeukei mazwi aJesu aanogara achidzokorora kwatiri mazuva ano: “Ida Tenzi Mwari wako nomwoyo wako wose nomweya wako wose nepfungwa dzako dzose. Iwoyu ndiwo mutemo mukuru uye wokutanga. Wechipiri wakafanana naiwoyu unoti, 'Ida mumwe wako sokuda kwaunozviita iwe pachako'” (Mateu 22:37-39). Ngatishandisei sarudzo iyi kuzadzikisa mutemo uyu muna zvose, zvikuru muruenzaniso nomurudo.

[11] Zvose izvi hazvigoni kubudirira kana pasina munamato. Tiri *panguva itsva yeshanduko* munhoroondo yeZimbabwe, nguva yenyasha dzaMwari. Isu Vafudzi venyu tinokumbira kuti maparishi, zvikoro, mapoka avapikiri, maunivhesiti namakorichi ashandise munamato unotevera munhu ari oga kana kuti akabatana navamwe. Tinokurudzira vapristi, vapikiri navatenderi navose vanhurume navanhukadzi vakarurama kuti varatidze kubatana kwedu, rutsigiro noruvimbo muna Mwari, nokuva zvapupu zvechitendero chedu muMwanakomana wake Jesu Kristu Tenzi wedu, nokunamata pamwechete nesu tichiparidzira shoko retsamba ino youfudzi.

## KUNAMATIRA RUGARE MUSARUDZO

Mwari Wamasimbaose, ndimi Musiki wazvose. Makatipa nyika ino yakanakisisa yeZimbabwe navanhu vayo. Makatipa Mwanakomana wenyu Jesu Kristu kuti atipinze muUmambo hwenyu, uye kuti atiratidze kubata basa nokugara pamwechete murudo, murugare, mukuwadzana, mukuwirirana, nomuruenzaniso. Tinokutendai nokutipa mukana musarudzo yedu kuti tisarudze vatungamiri vanozotibatsira kudzika Umambo hwenyu munyika yedu.

Tenzi wedu Jesu, makaparidza nezvoUmambo hwedenga hwamunokoka munhu wose zvake, pasina wamunosiya. Umambo uhwu hwakafanana nomuti mukuru wokuti shiri dzinogona kuvakira matendere adzo pamapazi awo (Mateu 13:31-32). Ndiwo mabiko makuru anokokwa munhu wose (Mateu 22:1-14). SoMufudzi Wakanaka, munoda, munoremekedza uye munokudza imwe neimwe yehwai dzenyu, kusvika pakudzifira (Johani 10:15).

Dai vanhu vomuZimbabwe vaita sarudzo yakasununguka, inotungamirirwa nehana dzavo, uye nomoyo wakachena. Dai waro sarudzo ino yatipa vatungamiri vanoshandira vanhu zvechokwadi, sezvamakaita imi zvokuuya kuzoshandira vamwe kwete kuzoshandirwa (Mariko 10:45). Imi munoda kuti vana venyu vose vawane upenyu huzere (Johani 10:10).

Tinonamata kuti sarudzo ino iitwe mune zvakanaka, muchokwadi uye nenzira iri pachena. Tinonamatawo kuti Umambo hwenyu hworudo, rugare, ruenzaniso norusununguko, husvike (Mateu 6:10). Dai waro munamato wedu warega kuva chichemo chisina maturo, kana kungova chiroto. Tinokumbira kuti Umambo hwenyu huburukire munyika yedu yeZimbabwe, patinopedzisa tichinamata pamwechete namazwi atakadzidziswa naTenzi Wedu, tichiti: “Baba vedu....”

**Ameni.**

**+Robert C. Ndlovu, Archbishop of Harare (ZCBC President)**
**+Alex Thomas, Archbishop of Bulawayo (ZCBC Vice President**
**+Paul Horan, Bishop of Mutare (ZCBC Secretary/Treasurer)**
**+Michael D. Bhasera, Bishop of Masvingo & Pontifical Administrator of Gweru**
**+Albert Serrano, Bishop of Hwange**
**+Rudolf Nyandoro, Bishop of Gokwe**
**+Raymond Mupandasekwa, Bishop of Chinhoyi**

# Contact Us

**Published by:**
**Zimbabwe Catholic Bishops' Conference**
**Africa Synod House, 29-31 Selous Avenue**
**P.O. BOX CY 738**
**Causeway, Harare**
**Email: gensec@zcbc.co.zw**
**Telephone: +263-4-705368/9**

DTP by The Social Communications Commission.